
LEKÒL PIBLIK LYNN

DIREKSYON POU PARAN SOU IMÈL

Imèl ka byen yon fason rapid ak fasil pou voye mesaj, men sa ka pa konsa pou profesè nou yo. Kèk profesè li mesaj imèl yo nan maten avan lekòl, kèk lòt li yo nan fen jounen an, e kèk lòt li yo pandan jounen lekòl la. Anpil profesè prefere itilize telefòn yo pou pale dirèkteman avèk paran yo.

Pou rezon sila yo, tanpri sonje si ou chwazi pou voye yon mesaj pa imèl a youn nan anplwaye nou yo, ou ka pa resevwa yon repons imedyatman. Bon, ou ka pa resevwa yon repons ditou pa imèl, piske anplwaye yo pral detèmine ki meyè fason pou kontak: pa imèl, telefòn, ou fikse yon randevou pou yon rankont

Lèw ap itilize imèl:

1. Fòm rekèt Sant pou Aksè Lakay la pral endike imèl adrès ki pral itilize pou kominike ak anplwaye distri yo. Sèlman imèl adrès ki otorize pral sèvi pa Lekòl Piblik Lynn pou kominike ak paran. Tanpri voye ban nou mesaj imèl ki soti nan yon kont imèl otorize.
2. Tanpri sèlman voye mesaj ki pa trò inpòtan pa mwayen sila. Pa ekzanp, pa itilize imèl pou fè profesè-a konnen ke pitit ou-a pap pran bis la pou al lakay li. Profesè-a ka pa gen tan pou li mesaj la atan. De preferans, rele nan telefòn pou asire ke li resevwa ak konpronn mesaj la.
3. Progrè akademik, obligasyon nan lekòl e konpòtman pitit ou-a ka pi byen adrese nan konvèzasyon nan telefòn ou nan yon rankont pèsònèl ak profesè pitit ou-a. Yon imèl pou pale de bagay sila yo pa apwopriye.
4. Tanpri sonje ke imèl pa toutafè konfidansyèl. Enfòmasyon konfidansyèl dwe diskite nan telefòn ou nan kontak pèsònèl.
5. Tanpri idantifye tèt ou nan sijè imèl la, e si sa necesè, non pitit ou-a.
6. Pou tout sousi medikal ou santé, tanpri kontakte enfimyè lekòl la pa telefòn.
7. Tanpri tout kontak yo dwe fèt yon fason profesyonèl. Blag, istwa komik, lèt ki pa pèsònèl, ou reklam pa apwopriye e yo se yon pèt de tan pou ansèyman.
8. Imèl pou tout moun nan distri-a dwe aprouve pa sirendantan lekòl yo avan yo voye imèl yo.

Distri Lekòl la ranje imèl pou profesè yo pou fasilite kominikasyon ant paran e profesè e ant anplwaye yo. Distri-a gen dwa pou bloke ou filtre mesaj pa imèl ki pa gen pou wè ak biznis ou misyon edikatif distri-a.

Sonje ke imèl se yon fason rapid pou voye mesaj, men sa pa vle di se meyè fason pou jwen yon repons ki vit.